


## Yon timoun sou kat mouri akòz Sendwòm Tibebe yo Souke. Souke yon tibebe pandan sèlman kèk segonn kapab lakòz domaj pèmanan.

Lè yo souke yon tibebe oswa yon timoun piti avèk vyolans, sa fòse tèt yo balanse sou devan e sou dèyè epi sèvo yo frape zo bwa tèt la. Sa lakòz sèvo a anfle ak senyen, e menm je yo ka senyen.



### Souke ka lakòz:

- Domaj pèmanan nan sèvo
- Vin avèg
- Kriz
- Paralizi serebral
- Paralizi
- Andikap devlopmanal
- Lanmò

### Kijan mwen ka evite blesi sa yo?

- Pa janm, janm souke yon timoun.
- Asire w ke tout moun ki pran swen pitit ou a konnen pou yo pa souke yo.
- Mande yon moun èd si w fristre epi w pa konnen kijan pou fè timoun piti w la sispann kriye.

### Siyale abi sou timoun.

Sant pou Siyale Abi ak Move Tretman sou Timoun nan Eta New York (New York State Child Abuse and Maltreatment Reporting Center)

(800) 342-3720

### Jwenn èd.

Liy Asistans Telefonik pou Paran pou Prevansyon Abi sou Timoun nan Eta New York (Prevent Child Abuse New York Parent Helpline)

(800) 244-5373

Espesyalis kalifye disponib soti 9 a.m. rive 4 p.m., mesajri disponib apre lè travay.

[www.preventchildabuseny.org](http://www.preventchildabuseny.org)

Sant Nasyonal pou Sendwòm Tibebe yo Souke (National Center on Shaken Baby Syndrome)

(801) 447-9360

[www.dontshake.org](http://www.dontshake.org)

Liy Telefonik Dijans pou Sante Mantal Matènèl Onivo Nasyonal (National Maternal Mental Health Hotline)

Rele oswa voye mesaj tèks: (833) 943-5746

### Fè mesaj la pase.

Pataje enfòmasyon sa yo ak lòt moun k ap pran swen tibebe w la. Fè yo konnen yo ka mande èd si yo santi yo fristre.



[health.ny.gov/ShakenBabySyndrome](http://health.ny.gov/ShakenBabySyndrome)



Department  
of Health

# Pa janm, Janm Souke yon Tibebe



Li nòmal pou w santi w fristre ak boulvèsè pafwa. Si w kontrarye, gen bagay ou ka fè pou ede oumenm ak tibebe w la fè fas ak sityasyon an.

## Sendwòm Tibebe yo Souke (Shaken Baby Syndrome) se yon fòm abi sou timoun.

Lè yon moun souke yon tibebe oswa yon timoun piti, sèvo yo ak kò yo sibi gwo domaj. Gen kèk timoun ki ka menm mouri.

### Poukisa sa rive?

Pifò moun ki souke yon timoun pa fè sa ak lentansyon pou eseye fè yo mal. Granmoun yo ka tèlman kontrarye ke yo pèdi kontwòl. Yo ka fristre paske yo pa sispann kriye, yo gen difikilte pou bay yon tibebe manje, oswa yo gen pwoblèm pou aprann yo itilize twalèt. Estrès ki gen rapò ak lajan, travay, oswa relasyon pèsònèl ka agrave fristrasyon sa a.

### Sonje byen, kriye se yon bagay nòmal.

Kriye se fason timoun piti kominike. Yo ka twò cho oswa frèt, fatige, oswa grangou, vle atansyon, oswa bezwen pou yo chanje kouchèt yo. Si tibebe w la ap kriye, li ka sispann lè w satisfè bezwen li yo.



## Sa ki vin annapre yo se siy ak sentòm Sendwòm Tibebe yo Souke.

- Trè rechya, fache
- Trè rijid oswa tankou yon poupe ranyon
- Gen dòmi nan je, inaktif
- Kriz
- Pa manje oswa pa gen apeti
- Difikilte pou respire
- Vomisman
- Tach san nan je, nannan je ki dilate

**Èske w panse yo te souke pitit ou a? Rele 911 oswa mennen yo nan Depatman Ijans ki pi pre a imedyatman. Jwenn asistans medikal ka sove lavi pitit ou a.**

### Kijan pou w kalme yon tibebe k ap kriye.

Tout tibebe kriye anpil pandan premye mwa nan lavi yo. Kriye pa vle di ke yo move timoun oswa ke yo fache avè w. Kriye ede tibebe yo jere emosyon yo, detire misk yo, epi respire pi byen.

- Tcheke si tibebe w la grangou, si li bezwen chanje kouchèt, oswa si li twò cho oswa twò frèt.
- Tcheke pou w wè si tibebe w la malad oswa si li gen lafyèv.
- Bay tibebe w la manje dousman, epi fè l rann gaz detanzantan.
- Bèse tibebe w la.
- Bay tibebe w la yon sison oswa bay tibebe w la tete.
- Jwe mizik dous, chante oswa fredone pou tibebe w la.
- Mennen tibebe w la pwomennen nan yon machin oswa nan yon pousèt.



### Li pi bon pou kite yon tibebe kriye olye ou riske fè yo mal.

- Mete tibebe a nan bèso li, ale epi pran yon ti repo.
- Fè yon bagay pou detann ou: Pran yon beny oswa yon douch, gade televizyon, oswa koute mizik.
- Chita, fèmen je ou epi pran gro souf.
- Rele yon zanmi oswa yon manm fanmi pou pale ak li.
- Mande yon moun pou l vin ede w pou w ka pran yon ti repo.